

**ASESMEN SUMATIF TENGAH SEMESTER (ASTS) GANJIL
BAHASA JAWA KELAS IX
SMP WACHID HASJIM 9 SEDATI
TAHUN AJARAN 2025/2026**

Pilihan Ganda

1. Ing ngisor iki kang kalebu tata cara kang gegayutan karo manten, **Kajaba**.?
2. Lakune upacara penganten iku ing kutha lan ing desa siji lan sijine ora padha, kena di paribasake?
3. Dino minggu mas baratha dikanthi Pakdhe Suharno tindhak ing Surabaya, wondene perlune pengin nakyinake sebenere menawa mbak Siti kuwi isih legan apa wis duwe pacangan. Kedadhen kaya ing dhuwur iku diarani?
4. Pakdhe Suharno kang disuwuni tulung tindhak Surabaya kanthi Mas Barata iku diarani?
5. Bengi iku dhaleme Pak Sumarno regeng suasanane, lampu-lampu padha murup kencar-kencar. Dhaleme akeh sing rawuh ana sanak, kadhang, para sesepuh, tangga teparolan para pemudhane uga ora ker. Kabeh pada mirengake ngendhikane Pak Suharsono sing mratitise anggone Pak Sumarno bakal dhuwe mantu. Dene sing dirembug yaiku dhapukan paraga-paraga lan ubarampe sarta rantaman wiwit purwa madya lan wasana anggone bakal duwe mantu ing sasi ngarep. Acara pasamuhan kaya mengkono iku diarani?
6. Minangka congkong Bapak Suharno wektu kuwi ngaturake ubarampe awujud boga, busana, lan rendana. Saliyane kuwi uga ngaturake pamesing jalaran temanten putri isih duwe simbah. Uga masrahake palangkah jalaran temanten putri duwe sedulur tuwa kang isih legan. Acara iki dumadhi ing acara?
7. Sing nindhakake panggih penganten iku lumrahe?
8. Lakune sri penganten putri diiringake sekabehing?
9. Bapake penganten putri lenggah mangku, astane ngrangkul bangkekan ing pundhake penganten kakung lan putri. Upacara iki tinemu ing upacara adat?

10. Penganten kakung ngadhek nggawa klasa Bangka isi duwit recehan, beras, ketan banjur kasuntak ing pangkonane penganten putri. Penganten putri nadahi nganggo sindur utawa slendang. Upacara iki tinemu ing upacara adat?

**ASESMEN SUMATIF TENGAH SEMESTER (ASTS) GANJIL
BAHASA JAWA KELAS IX
SMP WACHID HASJIM 9 SEDATI
TAHUN AJARAN 2025/2026**

Jodohno Aran lan katrangan kang gegayutan upacara adat temantenan (Krobongan)!

ARAN

Dhulangan

Ngunjuk Rujak Degan

Midhak Tigan

Timbangan

Kacar-kucur

KATRANGAN

- Penganten kakung lan putri ngunjuk rujak degan, kawiwitan saking penganten kakung lajeng penganten putri.

- Penganten putri ngaturaken tigan maring papan ngandhap dene penganten kakung midhak tigan ingkang dicaosake penganten putri.

- Penganten kekalih, kakung lan putri ngasta lancarani dedhaharan arupi sekul, lajeng kekalihipun dhulang-dhulangan.

- Penganten kakung nyutekaken isining kampilarupi arta recehanmawi dipun campuri uwos punapadhene ketan dating pangkoning penganten putri ingkang dipun wadhahi tilam lampus.

- Penganten kakung lenggah ing pangkoning ramanipun ing sisih tengen, dene penganten putri lenggah ing pangkon sisih kiwo. Ibunipun penganten putri lenggah ing sangajengipun priyantun ketiga. Selajengipun rama, ibu penganten wawan pangandhikan.

**ASESMEN SUMATIF TENGAH SEMESTER (ASTS) GANJIL
BAHASA JAWA KELAS IX
SMP WACHID HASJIM 9 SEDATI
TAHUN AJARAN 2025/2026**

Berilah tanda (v) di kolom benar atau salah, pada pernyataan dibawah ini!

No.	PERNYATAAN	BENAR	SALAH
1	Urut-urutane tatacara upacara kang keru dhewe yaiku ngundhuh mantu.		
2	Mitoni iku kalebu tatacara manten.		
3	Ing tatacara dodol dhawet, sing tuku nganggo duwit krincing.		
4	Sawise tatacara singsedan banjur dianakake lamaran.		
5	Midodareni iku katidhakake ing wayah awan.		